



Pou Piblikasyon Imedya: 18/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK PROKIRÈ JENERAL JAMES PIBLYE RAPÒ SOU WÒL
PLATFÒM ANLIY YO NAN FIZIYAD BUFFALO A**

*Rapò a detaye radikalizasyon tirè a sou sitwèb majinal yo, itilizasyon platfòm
prensipal yo pou difize vyolans an dirèk*

*Gouvènè Hochul, Pwokirè Jeneral James mande refòm lejislatif federal ak eta pou
konbat ekstrèm ak vyolans sou entènèt*

Gouvènè Kathy Hochul ak Pwokirè Jeneral New York la Letitia James jodi a [te pibliye yon rapò](#) sou wòl platfòm anliy yo nan fiziyad trajik Buffalo nan yon makèt Tops kote 10 moun nwa te mouri e twa lòt te blese. Biwo Pwokirè Jeneral (Office of the Attorney General, OAG) la te revize plizyè milye paj dokiman ak kontni medya sosyal yo pou egzamine kijan swadizan tirè a te itilize platfòm anliy yo pou planifye, prepare ak pibliye atak li a. Ankèt sa a ak rapò ki vin apre yo te konplete dapre yon rekòmandasyon Gouvènè Hochul. Pandan ankèt la, OAG te jwenn ak revize kontni ekstèn ak entèn ak règleman plizyè platfòm anliy ke tirè a te itilize. Rapò a konkli ke platfòm anliy majinal, tankou 4chan, te radikalize tirè a; platfòm difizyon an dirèk, tankou Twitch, yo te sèvi ak zam pou fè piblikasyon epi ankouraje atak vyolan yo imite; ak yon mank sipèvizyon, transparans, ak responsablite platfòm sa yo pèmèt opinyon rayisans ak ekstremis yo pwopaje sou entènèt, sa ki mennen nan radikalizasyon ak vyolans.

Aprè rezilta sa yo, Gouvènè Hochul ak Pwokirè Jeneral James ap mande refòm federal ak eta a yo pou konbat mouvman ekstremis ak vyolans sou entènèt, tankou lejislasyon eta a ki ta kriminalize imaj grafik oswa videyo ki te kreye pa yon moun ki komèt yon omisid epi penalize moun ki re-pataj oswa re-poste menm imaj oswa videyo sa yo. Anplis de sa, Gouvènè Hochul ak Pwokirè Jeneral James rekòmande pou fè chanjman nan Seksyon 230 Lwa sou Desans Kominikasyon federal la pou ogmante responsablite platfòm anliy yo epi mande konpayi yo pran mezi rezonab pou anpeche kontni kriminèl vyolan ilegal parèt sou platfòm pa yo.

"Pandan twò lontan, rayisans ak divizyon ap pwopaje anpil sou platfòm anliy yo — epi jan nou te wè nan vil natal mwen an, Buffalo, konsekans yo devastè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Aprè fiziyad terib sipremasis blan an ane sa a, mwen te pibliye yon rekòmandasyon pou mande Biwo Pwokirè Jeneral la pou etidye wòl platfòm anliy yo te jwe nan masak sa a. Rapò sa a ofri yon kontrandi afreyan sou faktè ki te kontribye nan

ensidan sa a epi, sa ki enpòtan, yon fèydewout ki mennen nan yon pi gwo responsablite."

"Fiziyad estrajik nan Buffalo a te ekspoze vrè danje ki genyen nan platfòm anliy san moderasyon yo ki te vin tounen yon zòn repwodiksyon pou sipremasi blan yo", **Pwokirè Jeneral James te deklare.** "Jodi a mwen te rankontre ak fanmi viktim yo pou pataje rezilta rapò sa a. Rapò sa a se yon lòt prèv ke radikalizasyon ak ekstremis anliy yo se yon menas grav pou kominote nou yo, espesyalman pou kominote koulè yo. Nou te wè sa rive nan Christchurch, Charlottesville, El Paso, ak Buffalo, epi nou pa ka tann yon lòt trajedi anvan nou pran mezi. Platfòm anliy yo ta dwe responsab paske yo pèmèt kontni rayisans ak danjere pwopaje sou platfòm yo. Kontni ekstrèm yo ap fleri anliy, epi nou tout dwe travay ansanm pou konfwonte kriz sa a epi pwoteje timoun nou yo ak kominote yo."

Rapò OAG te egzamine plizyè platfòm anliy tirè a te itilize, tankou 4chan, 8kun, Reddit, Discord, Twitch, ak YouTube, ak lòt platfòm anliy kote OAG te jwenn kontni grafik fiziyad la oswa manifès tirè a, tankou Facebook, Instagram, Twitter, TikTok, ak Rumble. OAG a te asiyen konpayi sa yo epi li revize plizyè milye paj dokiman. Envestigatè yo te gade ki jan platfòm yo te itilize pou distribye ak pwomouvwa imaj blag ak mesaj rasis ak antisemit epi pataje medya grafik vyolans ki te fèt anvan epi ki motive rasyalman, tou de te kontribye nan prezime radikalizasyon tirè a. Rapò a detaye tou ki jan yo te itilize plizyè lòt platfòm prensipal pou difize fiziyad la an dirèk ak objektif pou ankouraje lòt zak vyolan, epi kijan videyo grafik fiziyad la te pwopaje sou entènèt.

An rezime, rapò a konfime ke plizyè platfòm anliy te jwe yon wòl endenyab nan atak rasis sa a, premyeman nan radikalize tirè a pandan li te konsome kantite volim kontni rasis ak vyolan, ede l prepare pou atak la, epi finalman pèmèt li emèt li. Rapò a note pwen sa yo:

- **Platfòm Majinal yo Alimante Radikalizasyon:** Dapre pwòp kont li, tirè Buffalo a te radikalize ak kontni rasis ak antisemit toksit sou sit entènèt anonim, nòmalman san moderasyon ak platfòm ki opere andeyò entènèt prensipal la, sitou 4chan. Apre fiziyad nan Buffalo a, videyo grafik fiziyad la ki te anrejistre pa yon telespektatè nan difizyon an dirèk tirè a te pwopaje sou sit majinal yo. Anonimite 4chan ak platfòm tankou li ofri yo, ak refi yo pou modere kontni nan nenpòt fason ki gen sans, asire ke platfòm sa yo kontinye rete yon zòn repwodiksyon pou diskou rayisans rasis ak radikalizasyon.
- **Difizyon an Dirèk Vin Tounen yon Zouti pou Tirè an Mas:** Difizyon an dirèk te vin tounen yon zouti pou tirè an mas yo pou pibliye krim yo yon fason enstantane, sa k ap plis teworize kominote a ki sible pa tirè a epi sèvi kòm yon mekanis pou ensite ak mande lòt zak vyolan. Tirè Buffalo a te galvanize pa kwayans li ke lòt moun t ap gade li ap fè vyolans an tan reyèl. Malgre ke platfòm li te itilize pou difize atwosite li yo te dezaktive difizyon an nan espas de minit apre vyolans lan te kòmanse, de minit toujou twòp.

- **Politik Moderasyon Platfòm Prensipal yo Enkonsistan ak Opak:** Anpil gwo platfòm etabli amelyore tan repons yo pou idantifye ak retire kontni pwoblematik ki gen rapò ak fiziyad Buffalo a, ki gen ladan videyo grafik fiziyad la ak manifès tirè a, konpare ak evènman ki sot pase yo. Sepandan, repons platfòm yo te inegal, ak yon platfòm ki pa te kapab idantifye pòs ki te lye ak kopi videyo fiziyad ki pa sou sit la menm apre yo te sinyale pòst sa yo atravè rapò itilizatè yo. Anpil platfòm pa divilge nèt fason yo modere kontni rayisans, ekstrèm oswa rasis.
- **Platfòm Anliy yo Manke Responsablite:** Platfòm anliy yo jwi twòp iminite legal. Seksyon 230 Lwa sou Desans Kominikasyon yo lajman izole platfòm yo kont responsablite pou desizyon moderasyon kontni yo, menm lè yon platfòm pèmèt itilizatè yo poste ak pataje kontni ilegal.

An repons ak rezilta yo nan rapò a, Gouvènè Hochul ak Pwokirè Jeneral James rekòmande yon varyete refòm pou atake mouvman ekstremis anliy yo epi ogmante responsablite platfòm anliy yo. Rekòmandasyon sa yo enkli:

- **Kreye Responsablite pou Kreyasyon ak Distribisyon Videyo Omisid:** New York ak lòt eta ta dwe adopte lejislasyon ki enpoze responsablite kriminel pou kreyasyon, pa otè a, imaj oswa videyo ki montre yon omisid. New York ta dwe eksplòre etabli responsablite sivil pou nenpòt moun ki transmèt oswa distribye imaj oswa videyo yon moun kimoutre omisid li komèt la. Dekonsè ak revizyon apwopriye nan Seksyon 230 lan, responsablite sa a ta pwolonje nan platfòm anliy yo, ki gen ladan rezo sosyal yo ak platfòm difizyon an dirèk yo, ki pa pran mezi rezonab pou anpeche kontni sa yo parèt.
- **Ajoute Restriksyon sou Difizyon an Dirèk:** Tirè Buffalo a te itilize difizyon an dirèk kòm yon zouti, tankou atak anvan yo ki te alimente pa rayisans, pou dokimante ak difize zak vyolan li yo yon fason enstantane pou asire renome li ak radikalize lòt moun. Platfòm difizyon an dirèk yo ta dwe sijè ak restriksyon—ki gen ladan egzijans verifikasyon ak reta anrejistremant—ki adapte pou idantifye vyolans premye moun lan anvan li ka pwopaje toupatou.
- **Refòm Seksyon 230:** Kounye a, Seksyon 230 Lwa sou Desans Kominikasyon federal la pwoteje platfòm anliy yo kont responsablite pou kontni twazyèm pati yo òganize, kèlkeswa pratik moderasyon platfòm sa yo. Kongrè a ta dwe repanse disponiblite imedya Seksyon 230 lan kòm yon defans konplè pou pratik moderasyon kontni platfòm anliy yo. Olye de sa, lwa a ta dwe refòme pou egzije yon platfòm anliy ki vle konsève pwoteksyon Seksyon 230 pou pran mezi rezonab pou anpeche kontni kriminel vyolan ilegal parèt sou platfòm lan. Pwopozisyon sa a ta chanje pa defo. Olye pou yo senpleman kapab revandike pwoteksyon dapre Seksyon 230 lan, yon platfòm anliy gen premye fado pou etabli ke politik li yo ak pratik li yo te fèt yon fason ki rezonab pou adrese kontni ilegal.
- **Ogmante Transparans ak Ranfòse Moderasyon:** Platfòm anliy yo ta dwe bay pi bon transparans nan politik moderasyon kontni yo ak fason yo

aplike politik sa yo nan pratik, ki gen ladan sa yo ki vize adrese kontni rayisans, ekstremis ak rasis. Yo ta dwe tou investi nan amelyore pwosesis ak pwosedi nan tout endistri a pou diminye prevalans kontni sa yo, ki gen ladan elaji kalite kontni ke yo ka analize pou vyolasyon règleman yo, amelyore teknoloji deteksyon, ak bay mwayen ki menm pi efikas pou pataje enfòmasyon.

- **Rele Founisè Sèvis Endistri yo pou yo Fè Plis:** Founisè sèvis anliy yo, tankou enrejistrè domèn yo ak konpayi ebèjeman yo, sitiye ant sit majinal yo ak itilizatè yo. Konpayi sa yo ta dwe gade ak atansyon sit entènèt yo ki difizye kontni vyolan, ak kontni rayisans yon fason repete epi refize sèvi sit ki pèpetre sik vyolans sipremasis blan yo.

Nan mwa me 2022, Gouvènè Hochul te bay OAG yon rekòmandasyon nan kad Seksyon 63(8) Lwa Egzekitif New York la pou mennen ankèt sou wòl platfòm anliy yo jwe nan fiziyad Buffalo a.

Se Biwo Entènèt ak Teknoloji (Bureau of Internet and Technology) ki te dirije investigasyon an ak rapò ki vin apre yo ak Inite kont Krim Rayisans (Hate Crimes Unit) lan nan Biwo Dwa Sivil (Bureau of Civil Rights) la, avèk èd espesyal Divizyon Rechèch ak Analiz ak Divizyon Jistis Kriminèl la.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418